Ассаламу гIалайкум

# ЦIумадисезул гьаракь

Голос Цумады

2017 соналъул
14 апрель
РУЗМАН

№17
(7452)

Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда

Багъа 4 гъур.

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

Росабалъе сапарал

## ГIузраби цого руго

**ГIадатлъун лъугьараб росабазул администрациязул бутIрузул хIисабкьей гIенеккана араб рузман кьоялъ ЦIумадагIурухъ, Сасикь ва Къеди росабазул жамагIатазул данделъабазда.**



«ЦIумада росдал совет» администрациялъул бетIер Шамил ХIасановас жиндирго тIоцебесеб хIисабкьеялда бицана советалде гъорлъе унел росаби гIисинал ругониги, цоцадаса рикIкIада рукIиналъ, цо-цогIузрабикамунгутIиялъул. Гьединал гIузрабаздасан кколел руго РичIагьанихъ ва ЦIумада росабалъе шагьранухлулгун лъел суалал. КIвар цIикIкIараб буго росдал администрация ЦIумада росулъан ЦIумадагIурухъе бачиналъул, гьелъие мина балагьиялъул суалги. Гьединго баян гьабуна бакIалъулал налогал ракIариялъул суал администрациялда дагьаб «рекъдолеб» букIиналъул, ва жамагIат ахIана гьелда тIад хIалтIизе. Цевевахъиналъул ахиралда баркала загьир гьабуна сундульго жиндир рахъ ккун, цадахъ рукь цIалел росдал гIолохъабазе ва росабазул мажгитазул имамзабазе.

ЖамагIаталъул данделъиялда гIахьаллъи гьабуна районалъул администрациялъул финансазул отделалъул нухмалъулев МухIамад ГIисаевас ва административияб комиссиялъул секретарь Ражаб Исламовас.

«Бегавулас хIаракат бахьаниги, гьаб соналъул тIоцебесеб кварталалда налог бакIариялъул рахъалъ нуж руго ахирисеб кьерда, гьеб ккола нужерго бюджеталъе бакIарулеб гIарац, кIвар кьезе ккела гьеб рахъ роцIинабиялде»,-ян абуна МухIамад ГIисаевас, жамагIаталдехунги вуссун. Гьединго гьес тIадчIей гьабуна ахираб заманалда экономикияб рахъалъ ругел захIмалъабазда, кьойидаса кьойиде дагьлъулеб районалъул бюджеталда, ва киналго ахIана Шамил ХIасановасда сверухъ гъункун хIалтIизе.



* * *

Гьебго кьоялъ районалъул бетIер АнвархIажи Вечедов щвана Сасикь ва Къеди росабалъе, дандчIвана росабазул жамагIаталгун, школазул коллективалгун ва медицинаялъул хIалтIухъабигун.

Районалъул бетIерасда цадахъ райадминистрациялъул отделалъул нухмалъулев МухIамад Коратов ва росдал магIишаталъул отделалъул специалист Байсар Амиров гIахьаллъана Сасикь росдал бетIер Заур Набигулаевас араб соналъ гьабураб хIалтIул хIисабкьеялъул данделъиялда.

Бегавулас кьокьидго бицана росдал бюджеталъе биччараб ичIнусиялда анцIила ичIазарго гъурущ кибе харж гьабураб, тIадчIей гьабуна росулъ гьарурал цо-цо хIалтIабазухъ жеги мухь кьечIого хутIарал гIолохъаби рукIиналда, кулабахъе шагьранух ва школалъул мина гIатIид гьабизе, росдал клубалъул мина къачIазе ккеялда. ЖамагIаталъул рахъалдасан хасаб баркала загьир гьабуна росулъ нухал-кьоял лъикIаб хIалалда чIезаризе кумек-квербакъи гьабулев «Дорстройсервис» гIуцIиялъул нухмалъулев АхIмад Давудовасе.

«Гьарурал хIалтIабиги дагьал гьечIо, амма гьаризеселги гIемер руго, кинабго бараб букIуна гIарцул сурсатазда. Гьел гIоларого букIуна кидаго кьварилъи. ХIалтIабиги гвая росдал гIолохъабигун гваял тIоритIун гьарурал, гьелъухь жамагIаталъеги баркала, кидаго дица абуралде гIинтIамун, дие кумекалъе хIалае батулеб. ГIузрабазул бицани, гьел гIемер руго, амма аслиязул цояллъун ккола гьоркьосан къотIи гьечIого сунеб канлъи, росулъ жаниб бугеб шагьранух ва бухьен. Бокьилаан гьелде кIвар кьун, нижее кумек гьабуни»,-ян абуна росдал администрациялъул бетIерас.

«Араб соналъ бакIалъулал налогал ракIариялъул суал тIубан буго ункъоялда ичIго проценталь, гьеб квеш гьечIо цо-цо росабазде дандеккун, амма план тIубазе бажарулеб букIадго, щай гьеб суал бехьерхъараб бичIчIуларо, росдаего хутIулеб гIарац гьебги букIун,-ян байбихьана АнвархIажи Вечедовас жиндирго кIалъай. -Гьаб соналъул лъабго моцIрол план тIубан буго нусиялда анцIила щуго проценталь. Буго гурищха бажарулеб, бокьараб мехалда! Нилъеда бичIчIизе ккола,



кигIан нилъее бокьаниги, социализмалде нух гьечIеблъи, гIумруялъ нилъ тIамулел рукIин жакъасел тIалабазда рекъон, хIалтIизе, пачалихъалъ нилъедасан тIалаб гьабулеб букIин рехун тарал ракьал хIалтIизаризе, гIи-боцIи хьихьизе, ай, нилъеего магIишат гьабизе, хIукуматалъ кьолеб напакъадухъ балагьун чIечIого.

ЖамагIатчагIи ГIусман Сайпудиновас, Сабигула Амичовас ва росдал цогидалги гIолохъабаз рорхана нухазул, гIемеррахъазулаб централда ракьазегун минабазе ихтияр чIезабулел документал кьей халатбахъунеб яги инкар ккола букIиналъул, росабазул гIорхьабазул ва цогидалги росу социалияб рахъалъ цебетIеялда хурхарал суалал.

* * *



Нужер росу кидаго букIана гIи-боцIул рахъалъ цебетIураблъун, соцкъецазулъги тIоцересезул кьерда, жакъаги хIалтIизе ккелаха нилъерго букIинеселъе гIоло нилъерго умумул гIадин, цогидазе мисалияб куцалъ».

Хадубго районалъул бетIерас бихьизабуна росдал жамагIаталъул гъунки ва цолъи, цадахърекъон гьабулеб хIалтIи, тIадчIей гьабуна Шаваялда бугеб анлънусго ва Кочубеялда бугеб азарго гектар ракьул хIалтIизабизе ккеялда.

Къеди росдал администрациялъул бетIер ТIагьир МуртазагIалиевасул араб соналъ гьабураб хIалтIул хIисабкьеялъул данделъиялда гIахьаллъана райадминистрациялъул бетIерасул заместитель МухIамадрасул Гагиев, администрациялъул ишазул управляющий Асадула ГIумаров, «ЦIумадисезул гьаракь» газеталъул бетIерав редактор ГIубайдула Малачдибиров.

# Хъаралов ГIабдунасир гьавуралдаса 50 сон тIубана

12 апрелалда 50 сон т1убана «БагIараб цIва» орденалдалъул кавалер Сасикьа ГIабдунасир Хъаралов гьавуралдаса.

1985 соналъул 25 маялъ Советияб армиялда тIадаб рагъулаб хъулухъ тIубазе ахIарав гьев витIула хасал рагъулал аскаралгун Афгъанистаналде.

Ракълилаб гIумруялдасан кор боркьараб рагъде ккарал солдатазе бигьа букIинчIо рагъулаб налъи тIубазе. ТIоцересел къоялдасан нахъего ГIабдунасир вукIана цогидазе мисалиявлъун, къохIехьей цIикIкIаравлъун.



ГьитIинав сержант Хъаралов тIамуна отделениялъул командирлъун, хIалтIана кIудияв радиотелефонистлъун.

Рацалъи гьеч1еб кор боркьараб рагъда 1986 соналъул 16 апрелалда Афгъанистаналъул ракьалда ГIабдунасир чIвана.

СССРалъул Верховный Советалъул Президиумалъул Указалдалъун 1986 соналъул 9 августалда ГIабдунасир Хъаралов кIодо гьавуна «БагIараб цIва» орденалдалъун (хун хадуб).

ГIабдунасир Хъаралова-сул бахIарчилъиги, гьунаргун къохIехьейги хутIана наслабазе багьадурлъиялъул мисаллъун.

## 2017 - Дагъистаналда Каспиялъул сон

# РацIцIалъи ккола сахлъиялъул аслу




Исанасеб сон нилъер улкаялда лъазабун буго экологиялъул лъагIелльун. Гьелда т1адеги, нилъер республикаялда гьеб сон лъазабун буго Каспий ралъадалъулгун гIорал-лъаразул лъагIелльун. Гьелда бан республикаялда ва нилъер районалда гьарулел руго гIемерал хIалтIаби, лъарал мухьалда сверухъ бугеб тIабигIат бацIцIадго чIезаби мурадалда.

Жакъа райцентралъул къватIазда лъун руго рищни-къул базе ящикал, къойидаса-къойиде берцинлъулеб буго Агъвали росу. Берцинлъи букIуна нилъеца нилъедаго сверухъ рацIцIалъи чIезабидал. Чанги чияс, ящиказда жанибе бачIого, рищни-къулалъул пакетал ва кагътил ящикал ралел руго лъарал ва гIурул рагIаллъабазде. Киб бугеб нилъер рацIцIалъи цIуни?! Киб бугеб нилъер иман?!

Абула рацIцIалъи-сахлъиялъул аслу ва иманалъул бацалъи кколин, ва гьеб лъухьулеб бакIалда гуреб, хьублъи гьабулареб бакIалда букIунилан.

Жидер мина-карталда рацIцIалъи чIезабуларев чи къанагIатги ватиларо, амма кигIанго бокьичIониги, гьедин абизе кIоларо райцентралдаги росабалъги ругел къватIазулги, гIурул-лъарал рагIаллъабазулги бугеб ахIвал-хIал бихьидал.

Рац1ц1алъи ц1унизе ккеялъул г1емер бицуна данделъабазда, тIоритIула гваял ва санитарияб комиссиялъул рейдал, амма кколеб хIасил заманалъулаб букIуна.

Щуабилеб апрелалда райцентралъул аслиял къватIазда тIобитIана санитарияб комиссиялъ ирградулаб рейд. Гьеб рейдалъул хIасилалда рекъон, райцентралъул къватIазда рацIцIалъи цIуниялъул ахIвал-хIал дагьа-макъаб лъикIлъун буго, амма руго цо-цо бакIал хиса-баси гьечIого, церего гIадин, чорокал. ГIурул ва лъарал рагIаллъаби рихьидал, гIодизе бачIунеб хIал буго гьениб бугеб чороклъиялъ.

ХIурматиял ракьцоял! РакI-ракIалъ гьарула нужеда рацIцIалъи цIунеян. КигIан берцинго, аваданго букIуна нилъеда сверухъ берцинаб тIабигIат бугеб мехалъ. РацIцIалъи гурищ тIабигIат цIуниги, сахлъиялъе аслуги бугеб.

Щивас хIисабалде босизе ккола, жакъа нилъеца рацIцIалъи цIуничIони, метер сверухъ бугеб экология хьублъулеблъи ва хадуб гьеб нилъеда данде багъулеблъи. КIочене бегьуларо, тIабигIаталъ жиндие гьабураб зараалалъухъ нилъедаса рецIел босулеблъиги.

20 апрелалда районалда тIобитIизе буго субботник. Гьелде щвелелдего, нужецаго лъарал ва гIурул рагIалде бараб рищни-къул къватIиб бакIаре. БухIизе бегьулеб бухIун, хутIараб нужер авалазда лъурал рощнокъалазде жанибе бай. Лъица, кибе ва щиб бараб нужедаго лъала. Нужго балагье гьелда. Гьанжесалалъ газеталда нужецаго бараб рищни-къулалъул сурталги нужерго цIаралги рехсезе бокьун батичIони, нужерго мина-карталда сверухъ рацIцIалъи гьабе ва хадубккун гьеб цIуне.

Нилъ руго бусурбаби. Бусурманлъиялъул аслияб-иман ккола, иманалъул бацалъи рацIцIалъи кколеблъиги кIочене бегьиларо.

**МухIамад Къасумов**

## Митинг

# Дагъистан террорализде данде

Гьаб соналъул лъабабилеб апрелалда Санкт-Петербург шагьаралда къвагъизабураб метроялда хварал къурбанал ракIалде щвезариялъул «Нилъ киналго-террорализде данде» абураб Агъвали тIобитIараб пашманлъиялъулаб митинг байбихьана районалъул бетIер АнвархIажи Вечедовас хваразул хъизаназдегун гIагаразде зигара баялдаса. Гьес тIадчIей гьабун бицана цIумадисез какулеб букIин жинца анцI-анцI чиясул рухIал росараб террористазул къадараб пиша, божилъи лъуна районцояз кидаго гьединал нахъегIанал пишабазул рахъккунгутIиялда.




«Терроризм байбихьула нилъер дин ва маданият тIагIулеб, жагьиллъи цIикIкIараб бакIалда. Жакъа нилъ гьанир ракIарун руго ракIалъги ахIун, улкаялде бачIараб чIегIераб къоялъул къурбанал ракIалде щвезаризе. Ахираб къоло щуго -лъеберго сон буго гIащтIичагIазул нилъер улкаялде гьужум гьабулеб, лъималазул, руччабазул ва харабазул мугъазда нахъаги рахчун, амма гьезда бажаричIо ва киданиги бажаризеги гьечIо нилъер халкъ къуркъизабизе ва, гьез хIисабалде босухъе, улка накабазде ккезабизе. Халкъалъ, цо зар гIадин, гьункун нахъчIвана террористазул тIадекIанцIиял ва кидаго рахьги ккоаро гьединазул», -ян абуна АнвархIажи Вечедовас митингалъул гIахьалчагIаздехун, экстремизмалъулгун терроризмалъул идеологиялде данде рагь базе хитIаб гьабулаго.

Хваразул хъизаназе ракIал ратулел рагIаби, кварилъиялъулъ жал цохIо гьечIеблъи бичIчIизабурал кIалъаял гьаруна митингалда райадминистрациялъул бетIерасул заместитель МухIамадрасул Гагиевас, райадминистрациялъул отделазул нухмалъулел МухIамад ГIисаевас, ТIалхIат ГIабдулбасировас, МухIамад Коратовас, администрациялъул ишазул управляющий Асадула ГIумаровас ва цогидазги.

Гьезул кIалъаяздаса бичIчIулеб букIана гIадатияб халкъ кидаго террорализде данде чIараб букIин, киналго цолъун, гьункун къеркьезе ккей террорализде данде, нилъер районалъул халкъалдаги бицун гуреб, бихьун лъалеб букIин терроризм щиб жояли.

Терроризмалъул хIасилазул бицине ккеларо, гьел нилъеда рихьарал руго. Жакъа къоялда жаниб бищун кутакаб хIинкъи буго гьелъул дунялалъегоян абурал ракIана данделъаразул пикраби.

Митингалда минуталъулаб сихIкъотIиялдалъун ракIалде щвезаруна метро къвагъизабун хварал къурбанал.

Гьединалго тадбирал тIоритIана ТIинди, КIванада, Къеди, Сасикь ва районалъул цогидалги росабалъ.

«Питер, ниж нужгун руго», «Террористазда нилъ хIинкъизаризе кIвеларо», «Экстремизмгун терроризмалъе нухал кьолболъанго къазе ккола», «ЦIумада район-хIинкъигьечIолъиялъул ракь» абурал ракIана митингазда гIахьаллъаразухъ кодор ккурал игIланазда хьвай-хьвагIаял.

**Хадижат Залимханова**

## Росабалъе сапарал

# ГIузраби цого руго

1

ЖамагIатгун дандчIвалелда цебе райадминистрациялъул вакилзаби щвана росдал школалде, медпункталде ва лъималазул ахалье къачIалеб минаялде.

ХIисабкьеялъул жиндирго кIалъаялъулъ росдал бегавулас рехсана росулъ гьарурал хIалтIаби: аслияблъун рикIкIана росулъ гIадамаз рукъзабахье лъим бачи, нухал къачIай ва бихьизабуна росулъ гьарулелщинал гIемерисел хIалтIаби жамагIаталъул кумекалдалъун гьарурал рукIин. ТIагьир МуртазагIалиевас жамагIаталъул рахьалдасан баркала загьир гьабуна районалъул нухазул идараялъул нухмалъулев АхIмад Давудовасе нухал къачIаялъулъ росдае гьабураб кумекалъухъ.

ЖамагIатчагIи ГIамирхIамза ГъазимухIамадовас, Заурбег МухIамадовас, ГIумар ва ГIусман ГIусмановаз, Сайдархан Расуловас ва Шагьрулнаби Агълархановас рорхана росдал гIузраби: Сасикьехун унеб шагьранух ва лъарал рагIалккун эхеде росдал боцIи хьвадулеб нух къачIай, росулъ бухьен букIинаби, жидер ИгъадахЪ бугеб мегIер нахъбуссинабиялъул ва цогидалги суалал.

КIалъазе вахьарав МухIамадрасул Гагиевас жамагIаталъе ракI рагьараб гара-чIвариялъухъ баркалаги загьир гьабулаго, абуна жамагIат цолъиялъулъ бугин росдал къуват. ЛъикIаб къимат къуна гьес росдал администрациялъул ва мажгиталъул имамасул цадахъаб хIалтIуе. ЛъикIаблъун бихьизабуна экстремизмалъул рахь кколел гIолохъаби росулъ гьечIолъи. Гьединго бицана кватIичIого росулъ рагьизесеб лъималазул ахалъул хIакъалъулъ, божилъи гьабуна Къеди росу социалияб рахьалъ районалъул росабазул цебесеб кьерде бачIиналда.

Данделъиялъул ахиралда кIалъазе вахьарав росдал мажгиталъул имам Халилуллагь Зиявдиновас баркала загьир гьабуна районалъул нухмалъулезе ва божилъи гьабуна Къеди росдал жамагIат хадубккунги районалъул нухмалъиялъул рихьизариял гIумруялде рахьинариялъулъ цебесеб кьерда рукIине рукIиналда.

**Хадижат Залимханова**

## ЗАКЛЮЧЕНИЕ

**по результатам публичных слушаний по проекту Решения Собрания депутатов муниципального района «Цумадинский район» «О внесении изменений и дополнений в Устав муниципального образования «Цумадинский район» 4.04.2017 г. МР «Цумадинский район»**

Публичные слушания по проекту Решения Собрания депутатов муниципального района «Цумадинский район» «О внесении изменений и дополнений в Устав муниципального образования «Цумадинский район» были проведены по инициативе Собрания депутатов муниципального района «Цумадинский район» в соответствии с решением 10-й сессии Собрания депутатов муниципального района «Цумадинский район» от 14 марта 2017 г. №2 в администрации муниципального района «Цумадинский район».

Уполномоченный орган по проведению публичных слушаний, а также принятию предложений граждан по проекту устава - Комиссия Собрания депутатов муниципального района «Цумадинский район».

Присутствовали – 93 человека. Выступили 4 человека.

Путем голосования установлено, что проект рРешения Собрания депутатов муниципального района «Цумадинский район» «О внесении изменений и дополнений в Устав муниципального образования «Цумадинский район» одобрен единогласно всеми участниками публичных слушаний.

**Председатель комиссии А.Омаров**

## «ЦӀумадисезул гьаракь» газеталъ 80 сон тӀубаялде

# ЦӀумада районалъул газеталъул редакторал

**Районалъул «Ленинил байрахъ» газеталъул тӀоцевесев редактор МУХӀАМАД КЪАСУМОВ**



1937 абилеб соналъул 1 декабралда къватӀибе ана нилъер районалъул тӀоцебесеб газеталъул тӀоцебесеб номер. Гьелда цӀар букӀана «Ленинил байрахъ».

Гьелъул тӀоцевесев редакторлъун вукӀана Гъуниб районалъул ЧӀохъ росулъа **МухӀамад Къасумов**

**Районалъул газеталъул кӀиабилев редактор ГӀАЛИ САГӀИДОВ**



**ГӀали СагӀидов** ккола ТӀинди росулъа. Гьеб вукӀана районалъул газеталъул кӀиабилев редактор. Редакторлъиялдаса хадув гьев хӀалтӀун вуго гьебго газеталъул жавабияв секретарьлъун. КӀудияб ВатӀанияб рагъул заманалъ ГӀали хӀалтӀун вуго халкъияб лъайкьеялъул райисполкомалъул отделалъул заведующийлъун, хадуб -ТӀинди росулъ школалъул директорлъун. Гьенив хӀалтӀулаго, халатбахъараб унтудаса хадув, хун вуго. Вукъун вуго ТӀинди росулъ.

**1962-1965 абилел соназ нилъер районалъул газета къватӀибе унеб букӀана Болъихъ «Коммунизмалде нух» абураб цӀаралда гъоркь нилъер, Болъихъ, ГӀахьвахъ районазе цадахъаб.**

**1965 соналъул апрель моцӀалъ редакция районалде буссиндал, нахъеги гьелъул редакторлъун тӀамун вуго, цевеккунги гьебго хъулухъалда вукӀарав, ЖахӀбар МухӀамадов.**

**Газета районалде тӀаде буссин баркун хъвараб буго 1965 соналъул къоабилеб апрелалда къватӀибе араб «Колхозчи» газеталъул тӀоцебесеб номералда кьураб гъоркьехун бугеб барки.**

## «Колхозчи» газеталъул редакциялде

КПССалъул ЦӀумада райкомалъ ва захӀматчагӀазул депутатазул райсоветалъул исполкомалъ «Колхозчи» газеталъул хӀалтӀухъабазда ва мухбирзабазда баркула цӀидасан рагьараб нилъер районалъул «Колхозчи» газеталъул тӀоцебесеб номер къватӀибе биччай.

Жакъа партиялъгун хӀукуматалъ районалда цӀидасан редакцияги рагьун газета къватӀибе биччай районалъул гӀумруялда жаниб кӀудияб лъугьа-бахьинлъун ва халкъалъе кӀудияб рохелллъун буго.

«Колхозчи» газеталъ районалъул халкъияб магӀишат ва культура хадубккунги борхизабиялъул, захӀматчагӀазе коммунизмалъул рухӀалда тарбия кьеялъул ишалъулъ районалъул партиялъул ва советиял организациябазе щибаб къойилаб кумек гьабизе буго.

ТӀолабго совет халкъалъго гӀадин, ракӀ-ракӀалъго къабул гьаруна нилъер районалъул захӀматчагӀазги КПССалъул ЦКялъул марталъулаб Пленумалъул хӀукмаби. Редакциялъул хӀалтӀухъабазул, росабазул мухбирзабазул кӀвар бугеб масъалалъун ккола росдал магӀишат хадубккунги цебетӀезабиялъулъ, захӀматчагӀазе коммунизмалъул рухӀалда тарбия кьеялъул ишалъулъ жигараб гӀахьаллъи гьаби.

КПССалъул райкомалъ ва захӀматчагӀазул депутатазул райсоветалъул исполкомалъ божилъи гьабула «Колхозчи» газеталъул коллективалъ печаталда цере чӀарал масъалаби жигараб къагӀидаялда тӀуразаризе рукӀиналда.

**КПССалъул ЦӀумада райком.**

**Райсоветалъул исполком.**

**Рузманкъоялъул вагӀза**

# Наркотикал ва гьезул зарал



ТӀадегӀанав Аллагьасе буго рецц нилъее бацӀцӀадаб, лъикӀабщинаб жо хӀалал гьабурав ва чорокаб хъубабщинаб жо хӀарам гьабурав.

Хириял бусурбаби! Нилъехъе шаригӀат бачӀана нилъеца щуго кӀвар бугеб жо цӀуниялъе: дин, гӀакълу, напс, намус, боцӀи. Гьал рехсарал жал хвезарулел ва гьезие зарал гьабулеб бугони, гьел заралияб жал рукӀуна хӀарамаллъун. Гьел хӀарамал жалазда гъорлъ цебесеб бакӀ ккола мехтизарулел жалаз. Цо-цояз абула жидеего мекъаб нух цӀехон: «Наркотиказе бачӀараб аят, хӀадис гьечӀо»,-абун. Гьеб батӀулаб хабар буго ва, нилъ гӀакълуялъе мукӀурлъулел ратани, Аварагасул (с.гӀ.в.) хӀадисалда нахъ рилълъине ккола, гьесул калам букӀана жиб къокъаб, магӀнаялъ гӀемералда щвей гьабулеб.

«Кинабго жинца мехтизарулеб жо хӀарамаб буго» **(Муслим)**. «Жиб гӀемер гьекъон мехтизарулеб жо дагьабги хӀарамаб буго» **(Насаи)**.

Аварагас (с.гӀ.в.) хӀадисазда батӀалъи гьабун гьечӀо: гӀаракъийищ бугеб, гашишищ, героинищ, кваналеб яги гьекъолебищ бугеб гьеб мехтизарулеб жо. Гьелъул зарал дагьабгӀаги гӀакълу бугев чиясда цӀакъ лъикӀ лъала. Тохтурзабаз баян гьабун буго чорхол сахлъиялъе бугеб зарал, хасго наркотиказул: нервабазул унтаби, пикру- пагьму дагьлъи, жинсияб загӀиплъи (импотенция), ургъел гьечӀолъи (вялость, падение духа), хӀалакълъи, рак ва цогидалги батӀи-батӀиял унтаби.

Хирияб Къуръаналъул аяталъ нилъ кантӀизарулел руго: «Нужеца нужги, нужер магӀишатги гӀадада хвараблъун, жиб гьалаглъулеблъун гьабуге», -абун. **(сура Альбакъара аят 195).** «Ва нужеца цояз цоялги чӀваге, нужерго напсги чӀваге, хӀакълъунго Аллагь нужеда гурхӀулев вуго ва нужер дунялалъулги, ахираталъулги лъикӀаб жо нужеда малъулевги вуго». **(сура Ан-нисаъ, аят 29).**

Лъалаго букӀун, инсанасе хӀарамаб буго жиндир черх гьалаг гьабулеб, гьеб хвезабулеб жо хӀалтӀизабизе. КӀудияб зарал буго наркотиказул боцӀи хвезабиялъулъ. Балъгояб жо гуро гьел ричулеца босулеб бугеб миллиардаца борцулеб гӀарац. Гьеб гӀарац хӀалтӀулеб буго инсанасул бищун хирияб нигӀмат-Аллагьас кьураб гӀакълу инабиялъе, гьев сундуениги пайда гьечӀев гьавиялъе ва, гӀаммаб къагӀидаялъ босани, гӀолохъанаб гӀел хвезабиялъе. Наркотикал хӀалтӀизариялъ инсан вачуна жиндир напсгун намус гӀодобегӀан гьабиялде, гьереси бициналде, бикъи-цӀогь гьабиялде, бахӀарчилъи тӀагӀиналде, хъизан-агьлуялъул кӀвар гьабуларев лъугьиналде. Гьел киналго хасиятал руго диналъ какарал, хӀарам гьарурал ва инсан кӀиябго рокъов тӀалихӀкъосаразда гьоркьове вачунел.

ТӀадегӀанав Аллагьас гӀадада боцӀи хвезабулездехун абулеб буго. «Аллагьасул малъиялда рекъон, лъикӀаб нухда хӀалтӀизабун гурони, дур боцӀи-мал гӀадада хвезабуге. Жидеца хӀалалаб магӀишат гӀадада хвезабулел гӀадамал руго щайтӀабазул вацал ва гьудулзаби, хӀакълъунго гьеб щайтӀан жиндир бетӀергьан Аллагьасде мутӀигӀлъичӀеб, Аллагьасул нигӀматазда инкар ккураб буго» **(сура аль Исраъ, аят 26).** Аллагьасул тушман, гьес нагӀана кьураб щайтӀаналъул вац, гьудул вахъи-гьеб гурищ талихӀкъей кӀиябго рокъоб Аллагьас цӀунаги нилъги, нилъер лъималги гьелдаса. Амин!

Аварагас (с.гӀ.в.) абуна: «Щив чи вугониги жиндир напс чӀварав щибниги жоялдалъун дунялалда, гьеб жоялдалъун гӀазаб гьабула гьесие къиямасеб къоялъ». **(ТӀабранийу, АвсагӀ имам АхӀмад)**. Цоги хӀадисалда буго: «Жиндиего зарал бугеб жо гьабиларо, цогидазе зарал бугеб жоги гьабиларо»,-абун. **(Ибну Мажагь, ДарукъутӀнийу).** Гьадинал, уммат мунагьаздаса цӀуниялъе рачӀарал хӀадисал, гӀемер руго.

«Диналъе бугеб зарал абуни, наркотиказ чи нахъе цӀала Аллагь (субхӀанагьу ва тагӀала) рехсеялдаса, как баялдаса, гӀибадат гьабиялдаса, жиндир лъималазе динияб тарбия кьеялдаса. Нужеца цояз цоязе квербакъе лъик1аб жоялъе ва Аллагьасукьан х1инкъиялъеги. лъикӀлъиялъе квербакъиялдасан. Нужеца цояз цоязе квербакъуге мунагьалъе ва тушманлъиялъе»,-ян абулеб буго хирияб аяталда. **(сура аль-Маида, аят 2).**

Диналъул вацал ва яцал! Нилъ, бусурбаби, Аллагьасда божулелллъун ратани, гьаб хъвараб вагӀзаялъ асар гьабичӀого теларо, ва нилъеца хӀисаб гьабила нилъерго гӀумруялъул ва нилъер гӀадамазул пишабазул ва дир божиги буго нилъеца нилъер лъималазе бацӀцӀадаб берцинаб исламияб тарбия кьелилан. Щайгурелъул, эбел-эмен руго жидер лъималазда бищун ракӀ гурхӀулел ва гьезие кинабго лъикӀабщинаб гьарулел, гьел кӀиябго рокъоб талихӀаллъун рукӀине бокьарал.

ТӀадегӀанав, жиндир лагъзал Алжаналде рачунев, гурхӀел- цӀоб гӀатӀидав Аллагьас нилъ тӀоритӀаги жив разияб нухдасан нилъер лъикӀал пишабаздалъун. Амин

**ХӀамзат Саидов,** КӀочӀали росдал мажгиталъул имам

«Редакция газеты «ЦIумадисезул гьаракь» («Голос Цумады»)» Муниципальное унитарное предприятие, сокращенно МУП «РГГЦ»

БетIерав редактор МАЛАЧДИБИРОВ ГIУБАЙДУЛА САГIАДУЛАЕВИЧ

Жавабияй секретарь ХАДИЖАТ ЗАЛИМХАНОВА

ТЕЛЕФОНАЛ:
Редакторасул 2-52-44
Жавабияй секретаралъул 2-52-92

Редакциялъул (издателасул ) адрес: 368900 Дагъистан Республика, Цlумада район, Агъвали росу.

«ЦIУМАДИСЕЗУЛ ГЬАРАКЬ» газета гIуцIараб: «ЦIумада район» муниципалияб районалъул администрация

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере массовых коммуникаций, связи и охраны культурного наследия по Республике Дагестан. Свидетельство о регистрации ПИ №ФС 05-0005 от 20 августа 2008 г.

Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда

Газета къватIибе биччана РГЖТялъул типографиялда. Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Петр I-сул проспект, 61

Редакциялъул пикру кидаго гуро рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз.

Газеталъул индекс: бащдаб лъагIалие - 51377 лъагIалие - 63302 Тираж -2030 Заказ ---

Графикалда рекъон газета къватIибе биччазе гъулбасизе кколаан 17 с. 00 мин. ХIакъикъаталда гъулбасана 16 с. 45 мин.

Газеталъул электроннияб адрес: Golostsumady@mail.ru

# ИНФОРМАЦИЯ

## о независимой системе оценки качества оказания услуг организациями социальной сферы Республики Дагестан

В соответствии с Федеральным законом от 21 июля 2014 года № 256-ФЗ «О внесении изменений в отдельные законодательные акты Российской Федерации по вопросам проведения независимой оценки качества оказания услуг организациями в сфере культуры, социального обслуживания, охраны здоровья и образования» и постановления Правительства Республики Дагестан от 13 августа 2015 года № 239 «О независимой оценки качества оказания услуг организациями в сфере культуры, социального обслуживания, охраны здоровья и образования» республиканскими Министерствами труда и социального развития, образования и науки, культуры, здравоохранения проведена работа по формированию независимой системы оценки качества работы в соответствующих сферах деятельности.

Главам администраций муниципальных районов республики рекомендовано провести работу по формированию независимой системы оценки качества работы муниципальных учреждений, оказывающих социальные услуги.

В целях повышения качества работы государственных учреждений, оказывающих услуги населению в сфере социального обслуживания, а также повышения открытости и доступности информации о деятельности Министерств и организаций, оказывающих социальные услуги, обеспечения взаимодействия с общественными организациями, иными некоммерческими организациями, экспертами по вопросам повышения качества работы организаций, профилактике причин, порождающих коррупцию, и противодействие условиям, способствующим ее возникновению и (или) распространению приказами Министерств созданы Общественные советы по вопросам формирования независимой системы оценки качества работы в соответствующих сферах деятельности.

Для повышения качества работы государственных учреждений, оказывающих услуги населению проводятся заседания Общественного совета по вопросу формирования независимой системы оценки качества работы учреждений, оказывающих услуги, на которых определены цели и основные задачи. Также в целях определения критериев эффективности работы организаций, оказывающих услуги, которые характеризуют открытость и доступность информации об организации, оказывающей услуги, комфортность условий и доступность услуг, доброжелательность, вежливость и компетентность работников организации, оказывающей услуги, членам Общественного совета предоставлены для изучения перечень подведомственных Министерствам учреждений, нормативные правовые акты, уставы бюджетных и казенных учреждений. Кроме того, утверждены Планы мероприятий по определению качества и эффективности работы организаций, оказывающих услуги. Созданы комиссии по независимой оценке качества учреждений, оказывающих услуги. Также определены критерии независимой системы оценки качества работы учреждений, подготовлены ряд предложений по повышению качества предоставления социальных услуг, а также подготовлены опросные листы, для изучения общественного мнения.

Для обеспечения открытости и доступности информации о деятельности подведомственных Министерству труда и социального развития РД государственных учреждений **для граждан-получателей услуг** обеспечено размещение на Официальном сайте в сети «Интернет» (www.bus.gov.ru) информации, установленной приказом Минфина России от 21 июля 2011 года № 86н. На Едином портале государственных (муниципальных) услуг размещена информация о государственных услугах, предоставляемых подведомственными Минтруда РД учреждениями социального обслуживания населения (www.gosuslugi.ru).

На официальном сайте Минтруда РД (www.dagmintrud.ru) размещены Перечень показателей оценки качества работы организаций социального обслуживания населения, рекомендуемых для использования при проведении независимой оценки качества работы и Перечень информации и документов, рекомендуемых к размещению организациями социального обслуживания на информационных стендах, в средствах массовой информации, сети «Интернет». Также на указанном сайте размещен Примерный образец анкеты по анализу удовлетворенности качеством оказания социальных услуг в организациях социального обслуживания.

Общественным советом при Минтруда РД осуществляется мониторинг общественного мнения по вопросу качества социальных услуг, оказываемых подведомственными учреждениями социального обслуживания населения, результаты которого обрабатываются, и используются, в том числе при составлении независимого рейтинга учреждений социального обслуживания населения.

По результатам независимой оценки качества оказания услуг организациями социальной сферы, ведомственными нормативными актами утверждены планы по совершенствованию деятельности организаций в сфере культуры, социального обслуживания, охраны здоровья и образования, предусматривающие мероприятия, как по поощрению, так и к привлечению к дисциплинарной ответственности руководства организаций, занимающих высшие и низшие места в рейтингах.

### Волейбол

## «ЦIумадисезул гьаракь» газеталъул приз




1-2 маялъ Агъвали спорт- школалъул залалда тIобитIизе буго «ЦIумадисезул гьаракь» газеталъул призалъе гIоло районалъул волейболалъул чемпионат.

ГIахьаллъизе бегьула районалъул гIолохъабазул командаби.

ТIоцебесеб маялда, радал сагIат ичIго тIубалелде, росдал администрациялъул бетIерасул ва врачасул гъулбас мугърукъ ритIухъ гьарурал гIарзаби кьезе ккола гIуцIиялъул комитеталде.

**Призазул къадар**

ТIоцебесеб бакIалъе – **15 000 гъурущ**
КIиабилеб бакIалъе – **10 000 гъурущ**
Лъабабилеб бакIалъе **-7000 гъурущ**

**ГIуцIиялъул комитет**

### Эркенаб гугари

## ГIисинал речIчIухъабазул къецал

8 апрелалда Агъвали тIобитIана 2003 ва хадурккунисел соназ гьарурал гIолилазда гьоркьор эркенаб гугариялъул рахъалъ тIоцебесеб бакIалъе гIоло районалъул къецал. Гьенир гIахьаллъана Агъвали, ТIинди, Гьигьалъ, КIванада, Эчеда ва Инхокъвари росабазул командаби.

ХIалуцарал къецазул хIасилалда, жиде-жидер цIайиязда чемпионаллъун ва призералльун рахъана:

**22кг.**АсхIаб ГIусманов (Агъвали), МухIамад Абакаров (Гьигьалъ), МухIамаднур ГIадусаламов (Эчеда) ва Адам МухIамадов (Агъвали).

**24кг.**Гьарун Мурадов (Эчеда), МухIамад ГIабдулхакъов (Агъвали), ГIабдула МухIамадов (ТIинди) ва ГIабдурахIман Шейхисламов (Эчеда).

**26кг.**ГIали ГIалимухIамадов (Гьигьалъ), МухIамадрасул ХIажиев (ТIинди), МухIамад ХIажиев (Агъвали) ва Абубакар Ахъбулатов (Эчеда).

**29кг.**Рабани Гъазиев (Гьигьалъ), Шамил Мусаев (ТIинди), ХIажимухIамад Бадрудинов (Агъвали) ва Шагьрудин Шагьрудинов ( Эчеда).

**32 кг.** Шамил МухIамадов (Агъвали), ГъазимухIамад АхIмадов (Агъвали), МухIамад Коратов (ТIинди) ва Ражаб ГIабдурахIманов (Агъвали).

**35кг.**МухIамад ГIалибахIарчиев (Агъвали), АхIмад МухIамадов (Агъвали), Билал МухIамадов (Гьигьалъ) ва Рамазан МухIамадов (Агъвали).

**38кг.**Ибрагьим МухIамадов (Агъвали), Шамил Къадилов (Агъвали), Билал Мурадов (Эчеда) ва ГIусман ГIусманов (Агъвали).

**42кг.**ХIамзат Канзулаев (Гьигьалъ), ХIажимурад Абакаров (Гьигьалъ), Абубакар ГIабдусаламов (Эчеда) ва МухIамад Гъазиев (Агъвали).

**46кг.**МухIамадхIажи МухIамадов (Агъвали), МухIамадгерей ХIабибов (Агъвали), ГIусман Жаватханов (Агъвали).

**50кг.**Шамил Къурбанов (Агъвали), ИсмагIил Билалов (Агъвали), МухIамад Гъазиев (ТIинди) ва Герей ХIасанов (Агъвали).

**54кг.**ГIали ШейхмухIамадов (ТIинди), МухIамадкарим МухIамадкеримов (Гьигьалъ), Бадрудин Бадрудинов (Агъвали).

**58кг.** ХIамзат Абакаров (Гьигьалъ), Расул Расулов (Агъвали).

**63кг.**Рамазан Малачев (Агъвали), Г1умахан МухIамадов (Агъвали).

**Шамил Сажидов**

### Лъ а з а б и

Гьаб соналъул 20 апрелалда районалда тIобитIизе буго ихдалил байрамазда (1 ва 9 май) хурхун тIолгорайоналъулаб субботник.

Киназго жигараб гIахьаллъи гьабизе ккела субботникалда росабазул администрациязул бутIрузул нухмалъиялда гъоркь.

Райадминистрациялъул росдал магIишаталъул отделалъ лъазабулеб буго къинлъулел чахъаби (овцематка) хьихьизе пачалихъалъ кумекалъе биччараб гIарац (субсидия) щвезе бокьарал районалъул фермерал лъеберабилеб апрелалде жидерго магIишатазул документалгун рачIине ккола росдал магIишаталъул отделалде.

Районалъул нухазул ДЭП-40 идараялъе хIажат руго КамАЗ машинаялда, грейдерала ва тракторалда хIалтIизе специалистал.

Харж-гьабураб хIалтIухъ балагъун премиягун.

Баянал щвезе ахIизе бегьула **89640140415** ва **89637938877** телефоналъул номеразде

### ГъалатI битIизаби

Гьаб соналъул17 марталъ къватIибе араб «ЦIумадисезул гьаракь» газеталъул 11-12 номеразда «Гьунар-махщел бугел лъимал тIатинаруна» абураб макъалаялда «Жея, ясал!» конкурсалъул хIасилал хьвалаго, гъалатI ккун буго автораалъул г1айибалдалъун. Конкурсалда Къеди росдал школалъул командаялъе щвараб лъабабилеб бакI Гьигьалъ росдал школалъул командаялъе щванин хьван буго.